



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 19 NOUVO KOMINOTE KI SÈTIFYE ENTÈLIJAN FAS AK KLIMA A

*Aksyon lokal yo sipòte Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a*

*Kiminote ki sètifye yo se modèl pou redwi emisyon gaz a efè sè yo ak pou bati rezilyans klimatik lokal*

*Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la rejwenn pwogram Kominote Entelijan fas ak Klima*

*Li pwoklamasyon Jounen Latè 2023 Eta New York la [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dènye faz kominote yo ki atenn nivo sètifikasyon nan kad [pwogram Kominote Entelijan fas ak Klima](#) (Climate Smart Communities, CSC) Eta New York la, ki sipòte efò lokal yo pou reponn ak defi ekonomik, sosyal ak anviwònmantral yo ke chanjman klimatik la lakòz yo. Anons sa a vle di ke gen etap enpòtan ke 19 gouvènman lokal ap pran pou diminye ak adapte yo ak chanjman klimatik la. Yo te fè anons sa a pandan selebrasyon Semèn Latè New York la ki dire yon semèn. Gouvènè a te pibliye tou yon pwoklamasyon ki [deziyen 22 avril 2023 kòm Jounen Latè nan Eta New York](#).

"Semèn Latè sa a, n ap selebre pwogrè New York pou kreye yon avni ki pi pwòp, ki pi dirab epi pwogram Kominote Entelijan fas ak Klima se kle pou ede nou atenn objektif sa yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwogram kolaborasyon sa a pèmèt gouvènman lokal yo pran mezi pou yo fè fas ak defi klima nou an k ap chanje a. Mwen felisite kominote sa yo paske yo mete an aplikasyon mezi ki pral adapte ak enpak chanjman klimatik yo epi kontinye ogmante rezistans kominote a fas ak move tan."

Pou reyalize sètifikasyon Kominote Entelijan fas ak Klima, gouvènman lokal yo akimile pwèn pou planifikasyon ak aplikasyon aksyon ki diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore rezistans kominote a fas ak enpak chanjman klimatik ki vin pi grav yo. Dènyèmman, 18 gouvènman kominote te satisfè avèk sikses kritè pou yo fèk rekonèt yo kòm lidè nan nivo bwonz epi vil Bedford te monte soti nan nivo bwonz pou rive nan nivo ajan - ki se pi wo nivo akonplisman ki disponib.

### **Capital Region**

Vil Canaan (Konte Columbia) - bwonz  
Vil Chatham (Konte Columbia) - bwonz  
Vil Colonie (Konte Albany) - bwonz  
Konte Columbia - bwonz  
Vil Ghent (Konte Columbia) - bwonz  
Vil Hillsdale (Konte Columbia) - bwonz  
Vilaj Kinderhook (Konte Columbia) - bwonz  
Vil Taghkanic (Konte Columbia) - bwonz

### **New York Santral**

Vilaj Fayetteville (Konte Onondaga) - bwonz  
Vilaj Tully (Konte Onondaga) - bwonz

### **Finger Lakes**

Vil Henrietta (Konte Monroe) - bwonz  
Konte Monroe - bwonz  
Vilaj Sodus (Konte Wayne) - bwonz

### **Mid-Hudson**

Vil Bedford (Konte Westchester) - ajan  
Vil Hurley (Konte Ulster) - bwonz  
Vil Union Vale (Konte Dutchess) - bwonz  
Vilaj Warwick (Konte Orange) - bwonz  
Vil White Plains (Konte Westchester) - bwonz

### **Southern Tier**

Vil Newfield (Konte Tompkins) - bwonz

Ou kapab jwenn yon lis konplè aksyon tout Kominote Entèlijan fas ak Klima ki sètifye yo reyalize [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou ke Divizyon Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la se patisipan ki pi nouvo nan kad efò entè-ajans Kominote Entelijan fas ak Klima Eta a pou ankouraje epi ede gouvènman lokal yo pran aksyon pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak prepare pou konsekans chajman klimatik yo. HCR rejwenn plizyè lòt antite eta nan patwone pwogram nan, tankou Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), Depatman Deta (Department of State, DOS), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Depatman Sante (Department of Health DOH), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA).

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "DEC bat bravo pou Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a paske li rejwenn ekip Kominote Entelijan fas ak Klima yo epi selebre travay kominote sètifye yo k ap sèvi kòm modèl pou minisipalite yo atravè eta a. Lidè klima lokal sa yo ap aji pou enkòpore enèji pwòp, diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo, epi aplike pwòje rezistans klimatik pou benefisye kominote pa yo epi pwoteje yo kont konsekans klimatii nou an k ap chanje a."

**Komisè Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "HCR fyè pou l rejwenn pwogram Kominote Entelijan fas ak Klima Eta a epi pou l travay ak gouvènman lokal yo atravè New York nan mete ann aplikasyon mezi ki pral ede diminye ak bese enpak chanjman klimatik yo nan pwòp lakou pa yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman li paske li pran konsekans chanjman klimatik yo seryezman epi felisite 19 nouvo Kominote Entelijan fas ak Klima yo onore jodi a."

Pwogram entèajans Kominote Entelijan fas ak Klima a, ki te etabli an 2009, bay direktiv ak sipò teknik gouvènman lokal yo pou yo pran mezi klimatik ki oryante lokalman. Premye etap pou vin yon Kominote Entelijan fas ak Klima a se anrejistre pou angaje nan redwi emisyon yo ak adapte ak chanjman klimatik la. Jiska prezan, 377 gouvènman lokal, ki reprezante plis pase 9.4 milyon Nouyòkè, deja adopte angajman Kominote Entelijan fas ak Klima a. Pwogram sètifikasyon an te lanse an 2014 pou dokimante ak selebre akonplisman kominote yo ki pran mezi pou klima a. Ogmantasyon nouvo kominote jodia yo nan pote kantite total Kominote Entelijan fas ak Klima New York la ki sètifye nan 118 - 10 nan nivo ajan ak 108 nan nivo bwonz.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Sètifikasyon Kominote Entelijan fas ak Klima, vizite: [isit la](#).

Kowòdonatè Kominote Entelijan fas ak Klima bay sipò teknik gratis pou minisipalite yo atravè eta a epi ede gouvènman lokal yo pran mezi pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè epi adapte yo ak chanjman klimatik atravè sansibilizasyon, planifikasyon, edikasyon, ak devlopman kapasite. Pou kontakte yon Kowòdonatè Kominote Entelijan fas ak Klima, vizite [isit la](#).

### **Pwogram Kominote Enèji Pwòp NYSERDA a**

Tout kominote ke yo te rekonèt jodi a patisipe tou nan pwogram Kominote Enèji Pwòp (Clean Energy Communities) NYSERDA, ki asiste gouvènman lokal yo pou yo egzekite mezi enèji pwòp ak fè ekonomi sou depans enèji yo. Anplis yo fin sètifye yo Kominote Entelijan fas ak Klima, yo dezinye 18 nan 19 yo Kominote Enèji Pwòp. Yo dezinye kominote ki reyalize omwen kat mezi ke NYSERDA idantifye kòm gwo enpak yo [Kominote Enèji Pwòp](#) epi yo ellijib pou sibvansyon pou ede nan deplwaman estrateji kabòn ki ba. Sibvansyon yo disponib pou sipòte aksyon tankou adopte NYStretch Energy Code (Kòd Enèji NYStretch) la ak antreprann kanpay kominote enèji pwòp. Gen plis fon ki disponib tou pou kominote defavorize yo. Yo te bay fon yo atravè Fon Enèji

Pwòp (Clean Energy Fund) la ak Inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative) la.

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Mwen kontan rekonèt 19 kominote sa yo paske yo te pran mezi solid kont enpak chanjman klimatik yo epi mwen remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York , pou sipò yo nan pwogram Kominote Entelijan fas ak Klima. Diminye emisyon yo ak konstwi rezistans lokal yo se priorite ke nou ka reyalize ansanm, epi chak kontribisyon fè nou avanse pi pre nan kreye yon avni dirab pou tout Nouyòkè yo."

### **Pwogram Finansman Kominote Entelijan fas ak Klima DEC a**

De nan kominote yo te sètifye jodi a, Vil Bedford ak Konte Monroe, te resevwa finansman atravè pwogram Sibvansyon Kominote Entelijan fas ak Klima DEC la. Etabli an 2016, pwogram sibvansyon ekivalan 50/50 sa a sipòte minisipalite yo nan reyalize mezi sètifikasyon yo ak nan egzekite pwojè yo ki redwi emisyon gaz a efè sè ak bati rezilyans fas ak enpak chanjman klimatik yo. An 2019, Bedford te resevwa yon sibvansyon 37,422 dola pou yon pwogram pilòt pou resiklaj rès manje. Depi 2019, Konte Monroe te resevwa yon total prèske 797,000 dola pou senk pwojè sibvansyon Kominote Entelijan fas ak Klima. Pi resan prim li yo se pou pwodwi twa dokiman planifikasyon pou tout konte a: yon evalyasyon vilnerabilite klimatik, yon plan adaptasyon klimatik, ak yon plan jesyon òganik.

Nèf nan kominote ki sètifye jodi a te resevwa prim nan pwogram Minisipal Veyikil Emisyon Zewo (Zero-Emission Vehicle, ZEV) DEC la nan ane pase yo. Pwogram ZEV la ofri sibvansyon pou enstale estasyon pou chaje veyikil elektrik pou itilizasyon piblik. Rabè sou acha oswa lokasyon veyikil elektrik pou flòt minisipal yo disponib tou nan kad pwogram sa a. Vil Bedford, pa egzanp, te resevwa apeprè 46,000 dola ant 2017 ak 2019 pou yon konbinezon rabè pou twa veyikil elektrik ak sibvansyon pou twa estasyon rechaj veyikil elektrik Nivo 2.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram DEC finanse yo ki asosye ak Pwogram Kominote Entelijan fas ak Klima, vizite [isit la](#).

### **Kominote Defavorize yo**

Sèt nan kominote yo sètifye jodi a gen ladan katye ki satisfè kritè kominote defavorie Gwoup Travay pou Jistis Klimatik (Climate Justice Working Group) New York la. Vizite sitwèb Aksyon Klima (Climate Act) a pou plis [enfòmasyon sou kritè kominote defavorize yo te finalize dènyèman](#) epi pou [enfòmasyon sou Gwoup Travay pou Jistis Klimatik la](#).

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp ak efikasite enèji yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan

pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la.

Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011.

Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzijè pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak plis pase 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)